



Pou Piblikasyon Imedya: 31/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL NONMEN STEVEN G. JAMES POU SÈVI KÒM SIRENTANDAN  
LAPOLIS ETA NEW YORK LA**

***Sirentandan enterimè James te sèvi nan Lapolis Eta New York la pou 32 ane, enkli  
de deseni nan lidèchip***

***Gouvènè Hochul ogmante finansman pou Lapolis Eta New York a 22% depi li te  
antre an fonksyon epi li te elaji wòl yo nan konbat Krim***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nominasyon Steven G. James li pou sèvi kòm Sirentandan Lapolis Eta New York la. Sirentandan enterimè James pral dirije Lapolis Eta New York nan yon wòl adjwen pandan l ap tann konfimasyon Sena a.

"Gason ak fanm nan Lapolis Eta New York yo fè travay ewoyik pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite, epi Steven G. James pral yon Sirentandan ki pral dirije fòs sa a nan pwochen jenerasyon an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Depi lè mwen te antre an fonksyon, mwen priyoreze konba kont krim ak investi nan lapolis, epi mwen pa ka tann pou m travay sere ak Sirentandan Enterimè James pou pwoteje moun New York yo."

**Sirentandan Enterimè Steven G. James, te deklare,** "Opòtinite sa a rive yon sèl fwa nan lavi, si ou gen chans. Nominasyon Gouvènè Hochul la se kouwònman mwen epi mwen konnen kòman mwen gen chans pou m sèvi. Mwen pa ka tann pou mwen mennen Lapolis Eta a pi lwen nan domèn politik dènye kri ak sèvi kòm yon ajans modèl."

Siprentandan enterimè James te sèvi ak Lapolis Eta New York pou plis pase 32 ane, ki gen ladan plis pase de deseni nan yon wòl lidèchip. Dènyèman, li te sèvi kòm Sirentandan Enterimè pou Relasyon Anplwaye epi li te sèvi tou kòm Sirentandan Enterimè Asistan, Enspektè Anplwaye, Majò, Kapitèn, Lyetnan, Anketè Prensipal, Sèjan, Envestigatè ak Manm Patwouy. Li gen yon B.S. nan Sikoloji nan SUNY Albany ak yon metriz nan administrasyon piblik nan Marist College.

Depi lè Gouvènè Hochul te antre an fonksyon, li te elaji wòl Polis Eta New York la epi li te fè gwo investisman nan sekirite piblik. Pandan de ane ki sot pase yo, efò sa yo enkli:

- Kreyasyon yon nouvo inite entèdiksyon zam ak lansman gwoup travay inovan kont trafik zam nan plizyè eta ak anndan eta a.
- Elaji wòl Eta a nan konbat krim sibè nan elaji inite rezo sosyal nou an.
- 7.4 milyon dola pou pèmèt Lapolis Eta a rete ajou ak teknoloji nan investigasyon kriminèl yo, ki enkli sèvis medsin legal dijital ak investigasyon nan sibè krim; bay sipò ki enpòtan a Inite Krim Entènèt Kont Timoun (Internet Crimes Against Children, ICAC) la pou asire ke yo mennen investigasyon sou krim kont timoun yo konplètman.
- 25.9 milyon dola pou kreyasyon ak ekspansyon Inite Estabilizasyon Kominotè (Community Stabilization Units, CSUs) Lapolis Eta a pou sipòte lapolis lokal yo.
- An Novanm, Gouvènè Hochul te ajoute senk lòt moun ki te plase nan rezo sosyal yo ak 10 nouvo moun ki te plase nan Biwo Kont Teworis JTTF pou abòde ogmantasyon nan krim rayisans yo.
- 100 milyon dola pou achte ak renove yon nouvo laboratwa krim satelit pou Polis Eta a. Nouvo etablisman sa a pral elimine twòp moun nan Sant Envestigasyon Legal (Forensic Investigation Center) la epi bay espas pou inisyativ kont vyolans ak zam. Lapolis Eta a genyen twa laboratwa krim satelit aktyèlman nan zòn Albany an.
- 66.7 milyon dola pou ogmante kantite klas akademi Polis Eta a, k ap mete ajou klas akademi ki te repòte pandan pandemi COVID-19 epi ogmante kantite twoup ki devwe pou abòde krim grav yo.

Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2025 ane sa a kontinye efò sa yo epi li gen ladan de inisyativ pou Lapolis Eta a pou konbat kanbriyaj:

- Dirije pa Lapolis Eta a, lanse Operasyon Konjwen kont Kanbriyaj pou kowòdone atravè rezo Sant Analiz kont Krim (Crime Analysis Centers, CACs) nou an repons ajans fòs lòd yo ak pwokirè yo, ki baze sou yon gwoup travay ki gen siksè anndan eta a sou trafik zam, men ki konsantre sou konbat krim vòl òganize;
- Deplwaye yon ekip Lapolis Eta ki devwe pou moute dosye kont rezo vòl òganize yo;
- Etabli yon Inite Aplikasyon Lwa Kraze epi Sezi nan Lapolis Eta New York la.

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la, Jackie Bray, te deklare,** "Gouvènè Hochul te fè li klè pi gwo priyorite li se kenbe Nouyòkè yo an sekirite epi li te demontre sa ankò ak nominasyon pwochen Sirentandan Lapolis Eta a. Ak anviwònman menas New York k ap evolye chak ane, patenarya nou ak Lapolis Eta a pa janm te pi enpòtan. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li chwazi yon lidè ki pwouve tankou Sirentandan Enterimè James epi mwen espere fè patenarya avèk li pandan n ap travay pou pwoteje kominote yo nan tout eta a."

**Komisè pa Entèrim nan Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè (Department of Corrections and Community Supervision, DOCCS) Eta New York lan, Daniel F. Martuscello III, te deklare,** "DOCCS Eta New York gen yon istwa long ak pwodikatif nan travay ak Lapolis Eta a. Nou felisite epi nou pa ka tann kolaborasyon kontinyèl sa a nan kad lidèchip Sirentandan Enterimè James, pou asire sekirite kominote nou yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul tou pou konsantrasyon kontinyèl li sou ajans ki responsab pou pwoteje sekirite piblik eta a."

**Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Eta New York la, Rossana Rosado, te deklare,** "Pandan plis pase senkant ane, DCJS se yon patnè fèm pou Lapolis Eta New York ak ajans polis lokal nou yo. Nou pa ka tann pou nou travay avèk Siprentandan Enterimè James pandan n ap kontinye eritaj ekselans ak pwofesyonalis Manm Patwouy yo nan pwoteje Nouyòkè yo atravè gwo eta nou an. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip san parèy li sou sekirite piblik ak jistis kriminèl, ak sipò solid li bay ajans nou yo."

**Prezidan Asosyasyon Envestigatè Lapolis Eta New York (New York State Police Investigators Association, NYSPIA) la, Tim Dymond, te deklare,** "Nan non Asosyasyon Envestigatè Lapolis Eta New York la, mwen felisite nominasyon Kolonèl Steven James pa Gouvènè Hochul kòm Sirentandan Polis Eta New York la. Antanke yon Manm Patwouy ki te sèvi pou plis pase 30 ane, repitasyon li se yon egzanp, epi manm nou yo pral fyè pou yo sèvi anba lidèchip li. Nou pa ka tann pou nou travay ansanm ak Sirentandan James pou kontinye ranfòse, inifye ak sipòte BCI a, ak efò kolektif nou yo pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite."

**Prezidan Asosyasyon Gadyen Eta New York la, Marcus A. Walthour, te deklare,** "Steven James se yon ofisyèl fòs lòd pwouve ki te vini nan ran Polis Eta New York la. Sèvis devwe li anvè pèp Eta New York la te egzanplè. Li se yon pwofesyonèl konsomasyon ke sajès ak lidèchip solid li se egzakteman sa ajans sa a bezwen nan moman sa a. Asosyasyon Gadyen yo dakò ak tout kè yo ak Gouvènè Hochul ki chwazi Steven James kòm pwochen Sirentandan Lapolis Eta a."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)